



ISUBIRWAMWO RYA MEDICAID

Muri 2020 iibiro nya leta nzunze ubumwe vyashizeho amategeko yatumye Medicaid yugara biturutse ku kiza ca COVOID-19. Ayo mategeko aheruka guhinduka. Ubu Vermont izotangura gukoresha Medicaid yasubiwemwo muri Ndamukiza. Uzoguma kuri Medicaid nimba uguma ukwije ivyinjira, imyaka, hamwe n'ibisabwa kugira uhabe. Nimba utagikwije ibisabwa, ubwishingizi bwawe bushobora guhagarara. Nimba ibi bishitse, uzogira amahirwe yogusinya ubundi bwoko bw'ubwishingizi. **Ibiro vy'umushingwamanza ajejwe amagara y'abantu biri hano kugira bigufashe nimba ufise ibibazo canke ibikubakiye bijanye n'ukuntu isubirwamwo rya Medicaid rimeze .**

Isubirwamwo rya Medicaid:

Isubirwamwo ry'ukuntu Medicaid imeze rizotangura kandi muri Ndamukiza 2023. Umuhuza w'amagara y'abantu w'i Vermont (VHC) azokurungikira irindi kete rigusaba amakuru. Bashobora kugusaba ko wobarungikira amakuru yemeza ko ukwije amahera yinjira, aho uba, hamwe n'imyaka isabwa kugira ugume ukoresha Medicaid. Ushobora kwerekana icemezo c'amahera winjiza ubu.

Ntibazosubiramwo Medicaid zose icarimwe. Ahubwo, bazorungika amakete mashasha ku migwi mu gihe c'amezi 14 akurikira. Mu kwishura aya makete hamwe no gutanga amakuru kuri VHC babaza birahamabaye.

Shira ku gihe inomero yawe yo gutanga amakuru:

Utegerezwa kumenya neza ko VHC ifise agasandugu kawe ka posita ukoresha ubu, inomero ya terefone, hamwe na aderesi ya imeyiri kuri dosiye kugira bashobore kukurungikira ikete rishasha hamwe n'ibindi nya subiwemwo.

Bahamagare kuri **855-899-9600** canke winjire ku muhora wawe mu kuja kuri **vermonthealthconnect.gov** kugira wemeze ko aya amakuru agezweho.

Urwandiko rwo kugara:

Uzoguma kuri Medicaid nimba uguma ukwije ivyinjira, imyaka, hamwe n'ibisabwa kugira uhabe. Ariko nimba utagikwije ibisabwa ku bw'ishingizi bwa Medicaid, VHC itegerezwa kukurungikira urwandiko rukumenyesha imbere y'uko uturusho turangira. Bategerezwa kuguha urwandiko imbere y'igenekerezo ryo kwugara. Ubwishingizi bwa Medicaid ntibuzorangira kugeza igenekerezo rya nyuma ry'ukwezi kanaka.

Igihe c'iyandikwa ridasanzwe:

Nimba udakwije ibisabwa na Medicaid kandi ukaba utari kuri Medicaid, urashobora kwiyandikisha bidasanzwe kugira wiyandikishe ku mugambi w'ubwishingizi biciye muri VHC ige ubwishingizi buheze. Uzohabwa have **iminsi 60 days** inyuma y'aho Medicaid yawe yugariye mu kwiyandikisha ku bwishingizi biciye muri VHC.

Nimba umukoresha wawe aguhaye ubwishingizi, ushobora kwiyandikisha kuri ubwo bwishingizi ige Medicaid yawe yugaye. Ariko birahambaye ko ukora mu bubangutsi. Igihe c'iyandikwa ridasanzwe ku bakozi b'ubwishingizi gishobora kutarenga iminsi 30.

Medicare:

Hamagara ibiro vy'umushingwamaza ajejwe amagara y'abantu kugira aguhe impanuro zikwega nimba ufise Medicare kandi ufise ibibazo vyerekeye Medicaid kandi amahitamwo y'ubwishingizi.

Duhamagare utubaze ibibazo:

Ibiro vy'umushingwamanza ajejwe amagara y'abantu birigenga kandi birazigama ibanga ku bantu baba i Vermont bafise ibibazo vyerekeye ubwishingizi bw'amagara y'abantu canke kuronka ubufasha. Duhamagare nimba ufise ibibazo vyerekeye ukuntu itunganywa rishasha rya Medicaid canke ingorane iyariyo yose yererekeye amagara y'abantu. Ushobora gushikira umurongo wacu uciye kuri **1-800-917-7787**. Ushobra kandi kuronka ayandi makuru ku rubuga rwacu canke urungike ico usaba ku buhinga nguruknabumenyi kuri vtlawhelp.org/health.